# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–03 दिसंबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

केंद्रीय संचार मंत्री ज्योतिरादित्य सिंधिया बिपक्ष के जासूसी के अरोपन के खारिज करत कहले हवें कि संचार साथी ऐप से जासूसी न त सम्भव बा आ ना ही हो पाई। आजु लोकसभा में एगो सवाल क जबाब देत श्री सिंधिया फरियवलें कि उपयोगकरता अपने सुविधा के हिसाबि से पंजीकरण कइ के ऐप के सक्रिय कइ सके लें आ एकर लाभ पा सके लें।

**संचार साथी पोर्टल की हमने शुरूआत की थी 2023 में और संचार साथी ऐप का प्रयोग हमने 2025 में शुरूआत की है। संचार साथी ऐसा ऐप है जिसके आधार पर जनभागीदारी के आधार पर आज देश की एकदृएक जनता, नागरिक अपने आप को सुरक्षित रख सकता है फ्रॉड से, स्टोलन मोबाइल से, अपने स्टोलन मोबाइल को रिकॉर्ड कर सकता है, रिपोर्ट कर सकता है।**

**********

सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव कहले हवें कि फेक न्यूज लोकतंत्र खातिर खतरा बा। आजु लोकसभा में प्रस्नकाल के दौरान पूरक सवाल क जबाब देत श्री वैष्णव कहलें कि एआई जनित डीप फेक क पहिचान कइले आ ओकरे खिलाफ कार्रवाई करे बदे एगो नया मसौदा नियम प्रकासित कइल गइल बा। उहां के कहलीं कि फेक न्यूज पर कार्रवाई कइल जरूरी बाटे।

**********

आजु अंतर्राष्ट्रीय दिव्यांगजन दिवस मनावल जा रहल हौ। विश्व स्वास्थ्य संगठन, संयुक्त राष्ट्र के साथे मिलि के हर सालि ई दिवस मनावे ला, जेहमें दिव्यांग लोगिन के अधिकारन के सुरक्षा के महातम पर जोर दीहल जाला।

येह मौका पर राष्ट्रपति द्रोपदी मुर्मु दिव्यांग लोगिन के ससक्तीकरण में अनुकरणीय कोसिस खातिर लोगिन आ सस्थानन के नई दिल्ली में राष्ट्रीय पुरस्कार दिहलिन। पुरस्कार वितरण समारोह के सम्बोधित करत राष्ट्रपति कहलिनि कि कउनों समाज के सही मायना में तब्बे बिकसित कहल जा सके ला जब दिव्यांग लोगिन के साथे समान व्योहार कइल जाए।

अंतरराष्ट्रीय दिव्यांगजन दिवस पर लखनऊ में आयोजित कार्यक्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो हिस्सा लिहलें। कार्यक्रम के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी की ओरि से दीहल गइल दिव्यांगजन सब्द सम्मान आ **एगो नए भारत की सोच** क प्रदर्सन करे ला।

**दुनिया के अंदर अनेक ऐसे उदाहरण हैं, जहां पर दिव्यांगजन को थोड़ा भी संबल मिला तो वह अपने सामर्थ्य से, अपनी शक्ति से समाज के लिए वह सब कुछ करके दिखाया जो सामान्य जन को जिस पर सहजा विश्वास भी नहीं होती है।**

मुख्यमंत्री दिव्यांग लोगिन के उत्थान बदे प्रदेस सरकार की ओरि से कइल जा रहल कोसिसन के बारे में भी जिकिरि कइलें। प्रदेस क कई गो अउरियो जिलन में अन्तर्राष्ट्रीय दिव्यांगजन दिवस पर अलगि–अलगि आयोजन कइल गइल।

**********

काशी तमिल संगमम के चउथा संस्करण क पहिला फेरा के दुसरका दिन्ने तमिलनाडु से आइल विद्यार्थियन क समूह आजु हनुमान घाट पर पहुंचि के गंगा में नहा के प्राचीन मंदिरन में दरसन–पूजन कइलस। एगो रिपोर्ट–

**विद्यार्थियों को वाराणसी के घाटों और मंदिरों के इतिहास की जानकारी दी गयी। इसके बाद विद्यार्थियों के समूह ने हनुमान घाट स्थित महान तमिल कवि सुब्रह्मण्य भारती के घर का भम्रण किया। तमिलनाडु के प्रतिनिधि मंडल ने पवित्र शंकराचार्य मठ का भी दौरा किया। आज ही नमो घाट पर 'तमिल सीखे–तमिल करकलम' की थीम पर छात्रों के लिए एक विशेष एकेडमिक सत्र का आयोजन किया गया। इस दौरान बच्चों को तमिल भाषा, लोक कथाओं और वहां की संस्कृति से परिचित कराया गया। वाराणसी से मनीष सिंह की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

प्रदेस में बिसेस गहन पुनरीक्षण–एसआईआर चलि रहल बा। एकरे तहत वाराणसी क जिला निर्वाचन अधिकारी सत्येन्द्र कुमार आजु ओइजा के कई गो बूथन क औचक निरीक्षण कइ के फीडिंग आ मैपिंग के बारे में जनकारी लिहलें। उहां के सम्बन्धित बूथ लेवल ऑफिसर–बीएलओ के गुणवत्ता के साथे काम कइले क निरदेस दिहलीं।

**********

राष्ट्रीय मानवाधिकार आयोग–एन.एच.आर.सी. प्रदेस के गौतमबुद्ध नगर में चारि मजुरहन क कथित मउति आ कई गो अउरियो लोगिन के घाही भइले के घटना पर ओइजा के जिलाधिकारी आ पुलिस आयुक्त के नोटिस दीहले हौ। आयोग मीडिया रिपोर्ट क खुदे संज्ञान लेत दुइ हप्ता के भित्तर पुरहर रिपोर्ट तलब कइले बा।

**********

कुशीनगर के कसया थान्हा इलाका के पकवा इनार के लग्गे आजु राष्ट्रीय राजमार्ग अट्ठाइस पर टायर फटले से एगो ट्रेलर बेकाबू हो के दूसरका लेन में जा रहल गाड़ियन से लड़ि गइल। येह दुरघटना में तीनि जने क मउति हो गइल ओही दस गो अउरियो लोगि गम्हिराहे घाही हो गइलें।

**********